МКОУ «Уздалросинская СОШ»

Открытый урок
по родному языку
на тему:

# «Имя числительное»

Провела:
Гераева Мадина
Магомедовна

Дарсил тема: Рик1к1ен

Дарсил мурад: рик1к1еналъулгун лъай- хъвай гьабизе;
хъвавул ва к1алзул каламалъулъ рик1к1ен х1алт1изаби;
рик1к1еналъул х1акъалъулъ лъай щула гьаби;
тарбия кьеялъул замана х1алт1изаби.

Дарсил план

1. Орг момент
2. Араб дарс такрар гьаби
3. Бицен
4. Ц1ияб дарс
5. Х1ухьбахъиялъул минут
6. Дарс щула гьаби
7. Дарсил х1асил
8. Рокъобе х1алт1и
9. Рефлексия

**Жакъа дие Каспий гьимулеб гьеч1о,**
**Гьелъ недегьго сали лъухьулеб гьеч1о**
**Гьеб ццидахун буго, гьалаглъун буго.**
**Гьумерги нодоги бук1к1-бук1к1ун буго.**
**Низамалда унел гьелъул аскараз.**
**Сонгрозда гьужумал гьарулел руго.**
**Каспий ралъадалъул карачелаби**
**Кенч1олаго кьурда кьабулел руго.**

Дарсил ин.

**1. Дарсил байбихьи.**

Дун ккола муг1рузул яс. Муг1рулги нилъер бечедал руго. Муг1рузда руго г1емерал лъарал. Гьел г1оралгун цолъула. Цинги ралъдалъе г1едег1ула. Муг1рул гьеч1они гьеч1о нилъ, нилъер мац1, г1адатал. Дун яч1ана нужехъе бищунго берцинаб муг1рузул районалдаса Расулил , Фазул, Бакъайич1иса Ч1анк1ал Ват1ан Хунзахъ районалдаса

Дида ц1ар буго Мадина Мух1амадовна.

## 2.Бицен.

- Лъимал г1енекке цо биценалъухъ.Гьеб хурхараб буго ралъдада..

Цебе заманалда росулъ г1умру гьабулев вук1анила цо вас, г1умруги гьесул бук1анила ч1амуч1аб, цо сордоялъ гьасда макьилъ бихьанила ралъад, гьеб бук1анила г1ажаибго берцинаб, радал т1аде вахъигун васасе бокьанила гьеб бихьизе ине. Гьес кинабго росуцоязда бицанила, гьез гьев г1ад-хоч1 гьавунила. Анила чанго сон, г1олохъанчи г1унила вас бихьанила гьасда к1иабизеги гьадабго макьу, бицанила гьас кинабго г1агарлъиялда. Гьез абунила мун гьелдейищ рег1ун вугев, хъизанги гьабун рукъалде вуссайин абун. Г1агарлъиялъ абурабги гьабун ч1анила гьав. Гьелдасаги анила чанго сон , херлъанила гьав, бихьанила лъабабизеги гьадабго макьу. Гьасда рак1алде канила хвалда цебег1аги жиндирго мурад т1убазабизе, гьеб ралъад балагьизе ине. Киг1ан зах1мат бук1аниги вилълъанила гьав, бук1анила нухда къварилъалабиги, зах1малъилабиги гьединго к1удияб анищги. Цебе батанила гьасда к1удияб мег1ер, гьенив вахунаго гьасда цебе ч1анила жиндирго лъимерлъи, г1олохъанлъи, херлъи, муг1рул т1огьиве вахигун гьасда кинабго к1очон танила,рик1к1ада бихьулеб хъах1илаб ралъдал берцинлъиялъ.

Лъимал, киг1ан херлъаниги жиндирго анищ т1убазабуна херас.

-Сундул х1акъалъул бицунеб бугеб гьаб биценалда.(Ралъдал х1акъалъулъ)
- Кинаб ралъад гьесда макьилъ бихьараб? ( г1ажаибаб, берцинаб, хъах1илаб)
-Лъе гьел раг1абазе суал?
-Кинаб каламалъул бут1а гьеб кколеб?( прилагательное)

Гьаб бицен босиялъе г1илла ккана исанасеб сон Дагъистаналда лъазабун буго Каспий ралъдал сонлъун

**3. Ц1ияб дарс**
- Лъимал, кидаха херасда рак1алде ккараб ралъад балагьизе ине?(лъабабизеги макьу бихьараб мехалъ)
- Чан нухалъ гьесда ралъад макьилъ бихьараб? ( Лъабго нухалъ)
- Лъе гьеб раг1иялъе суал? (чан?)
- Кинаб каламалъул бут1а гьеб кколеб? (Рик1к1ен)
-Чан абураб суалалъ щиб бихьизабулеб бугеб рик1к1еналъул? (къадар)
-Цоги щибха рик1к1еналъ бихьизабулеб? ( ирга)
-Кинаб суалалъе жаваблъун бач1унеб иргадул рик1к1ен? ( чанабилеб?)
- Щибха кколеб рик1к1ен?

***Предметалъул къадар яги ирга бихьизабулеб чан? чанабилеб? Абураб суалалъе жаваблъун бач1унеб каламалъул бутIаялда рикIкIен абула***

- Щибха жакъа нилъер дарсил тема? (Х1алч1ахъадал)    Хъвай къо- моц1, дарсил тема.

-Кин нужеда рак1алде кколеб ,нилъер дарсил мурад кинаб бук1инеб?

Ралъдал х1акъалъулъ бицен босиялъе г1илла щиб кколеб? (исанасеб сон лъазабун буго Каспий ралъдал сонлъун. Жакъа нилъеда лъазе буго Каспий ралъдал х1акъалъулъ бат1и –бат1иял х1ужжаби. Нужеца лъик1го г1инт1аме жакъасеб дарсил х1асилги гьабизе буго гьел х1ужжабазда рекъон.
- Лъимал, лъалищ нужеда х1ужжа щиб кколебали? (факт)

**Ч1ег1ер хъварал раг1абазе суал лъе. Гьал раг1абаз щиб бихьизабулеб. Предложениялъулъ кинал раг1абигун рухьун ругел.**

Каспий ралъдалъе чвахула **нусиялда лъеберго** г1ор.Гьезул бищун ч1ах1ияллъун ккола Волга, Терек, Сулахъ г1ор. Каспий ралъдалъ буго осетр тайпаялъул **ункъого** процент ччуг1аялъулги.

*Х1асил: Рик1к1ен предметияб ц1аргун рекъон ккола*

***-Лъимал, нужеда цере руго гьадинал т1анчал, сук1е т1амач, гьалъул х1асил нужеда дарсил ахиралда лъазе буго.***

Рач1а,лъимал, гьанже
Т1адкъай т1убазе.
Лъик1го нуж, г1енекке,
Ц1ияб жо лъазе.

***Тарихаздалъун кьурал рик1к1еназдасан журарал рик1к1енал лъугьинарун хъвай.***

*5 ва 100*

*2 ва 20*

*9 ва 1000*

*3 ва 20*

*10 ва 1000*

***Х1асил: г1уц1иялъул рахъалъ рик1к1енал рук1уна г1адатал, журарал ва составиял.***

*Составиял рик1к1енал г1уц1ун рук1уна к1иго ва ц1ик1к1ун г1адатал важурарал рик1к1еназдасан. Гьел ц1алулагоги хъвалагоги, ахираб раг1и хут1изег1ан, жинда падежалда лъола: лъебералда лъабго, азаралда ункъо.*

Къимат лъе

**Сук1е т1амач**

Гьанже рач1а лъимал, х1ухьбахъ гьабизе,
Гьайбатлъи берцинлъи бихьизе дуда.

**4.Х1ухьбахъиялъул минут**

Лъимал, рач1а х1ухь бахъи гьабизе, рах1аталда г1одор ч1а ва ралагье гьанире*. Дие бокьун буго нуж дир Ват1аналде рачине.(Видео)* Унго т1абиг1аталъул гьайбатлъи, бокьанищ лъимал? Лъимал нужеда лъалеб батила исанасеб сон нилъер х1укуматалда лъазабун буго т1абиг1ат ц1униялъул сонлъун. Рач1аха нилъер т1абиг1ат бац1ц1алъиялда ц1унизе. Т1абиг1ат бац1ц1адаб бугони бац1ц1адаб бук1уна нилъер гьава,. Рач1а лъимал нилъеца гьелде к1вар кьезе.

Рач1аха дарсиде руссине

**Хадусеб т1адкъай т1убазе рач1а,**
**Нилъедаго дарсил ц1ияб жо лъазе.**
**5. Дарс щула гьаби**

Лъалищ нужеда?

Нилъер Каспий ралъдал т1иналда г1уркъун раг1ула Хазар х1укуматалъул тахшагьар Итихль. **Цо-цо** биценалда рекъон гьеб тахшагьар бук1ун буго **ич1абилеб- анц1абилеб** г1асруялда, хадуб араб бак1 лъач1ого т1аг1ун буго. Бицен буго: гьеб шагьар бан бук1ун буго нартаз. Дербенталдаги буго к1удияб, залимаб къед, **лъабнусго** метраялъ ралъдал т1иналде араб. Бицен буго гьеб къедги нартаз гьабунилан.

**Гьал рик1к1еназе суалал лъе, рик1к1унел къаг1идаялде балагьун кинал разрядазде гьоркьобе унеб? Цо-цо** (цадахълъиялъул), **9-10** ( г1агар-шагарлъиялъул), лъабнусго ( къадаралъул)

Гьединго бук1уна иргадул ( **ич1абилеб**), бут1абазул **1/3** (лъабго бут1а гьабун цо бут1а), т1олголъиялъул (**к1иябго, к1иявго**)

***Сук1е т1амач***

***Гьанже т1адкъай т1убан цере рилълъина***

***Ц1ияб-ц1ияб жо дарс щулалъила.***

***Рик1к1енал рате, предложениялда жаниб кинаб членлъун ккун бугеб?***

*Анц1го миллионгин соналъ цебе баккараб буго Каспий ралъад. Ралъдал гъварилъи буго азарго метраялдаса ц1ик1к1араб. Каспий ралъдалъа щола лъабкъоялда анц1го миллионгин*

*тонна ц1амул.Каспий ральдалъ буго 101 тайпа ччуг1ил. Ральдал раг1аллъабазда рижула анкьнусиялда къоло микьго бат1и-бат1иял тайпабазул хурдул. Каспий ральдалъ жанир руго ч1ег1ернартги газги бахъулел бак1ал.Гьелъул къадар борцуна анц1го миллиардгин тонна ч1ег1ернарталъулги ва гьедиг1анго къадар газалъулги.* ***(Нилъер маг1арул мац1 бечед гьабун буго бат1иял миллатаздаса рач1арал раг1абаз. Миллион г1урус рик1к1ен ккола. Нилъер миллаталда х1алт1изабизе –гин т1аде жубала. Составиял рик1к1еназул авалалда, гин жубан, аслияб падежалда тола.)***

**Х1асил: Рик1к1ен предложениялда жаниб определениелъун ккун букIуна**

**Сук1е т1амач**

**6. Дарсил х1асил гьаби**

**Бицаралъул х1асил гьабизе рач1а,**

**Т1аде ц1ияб жо лъан бугищ халгьабе.**

**Гьал кочIол мухъазулъ гьоркьор риччарал рик1к1енал рате ва хъвай.**

Ралъадин жиндие ц1ар кьураб Каспий,
**Анц1го миллион** соналъ цебе баккараб.
Гъварилъи **азарида** жиндир бащадаб
Унго, беричлъи щиб нилъер х1оралъул!

**Нусиялда лъеберго**, г1ор жанибе чвахулеб,
**Анц1го миллиард** тонна ч1ег1ернартил бахъулеб.
**Нусиялда цо** тайпа ччуг1ил жаниса щолеб,
Гьедин бечедго хут1ун ч1ахъаги нилъер Каспий!

Къимат лъе **Нужеца гьоркьохъеб ариметикияб бате, гургингоги гьабе**

Сук1е т1амач

Гьаб картаялъухъ ралагьараб мехалъ бихьулеб буго Россиялъ киг1анасеб бак1 кколеб бугеб Каспиялъул, гьал рик1к1еналги хъван руго тарихаздалъун. Г1емерисел рик1к1енал х1алт1изарун рук1уна тарихаздалъун хъван. Гьалдалъун бич1ч1улеб буго рик1к1енал раг1абаздалъун гурелги, тарихаздалъун хъван рук1уна.

## Предложение лъугIизабе

**Жакъа дида лъана……**
**Нижее захIмалъана……**
**Дие бокьана……**

6. **Рефлексия.**

Гьале лъимал нилъер гьит1инабго х1ор, гьаб х1оринире нилъеца риччала гьел гамул.

7.Рокъобе х1алт1и.

Нужеца Каспий ралъдал х1акъалъулъ сочинение хъвай, рик1к1еналги гъорлъе росун. geraeva84@mail.

Къо- моц1: ____________________________________________

Тема: ____________________________________

***Тарихаздалъун кьурал рик1к1еназдасан журарал рик1к1енал лъугьинарун хъвай.***

*5 ва 100* ______________________

*2 ва 20* ______________________

*9 ва 1000* ______________________

*3 ва 20* ______________________

*10 ва 1000* ______________________

**Гьал кочIол мухъазулъ гьоркьор риччарал рик1к1енал рате ва хъвай.**

Ралъадин жиндие ц1ар кьураб Каспий,
_____________ соналъ цебе баккараб.
Гъварилъи _________ жиндир бащадаб
Унго, беричлъи щиб нилъер х1оралъул!

___________________, г1ор жанибе чвахулеб,
____________________ тонна, ч1ег1ернартил бахъулеб.
__________________ тайпа ччуг1ил жаниса щолеб,
Гьедин бечедго хут1ун, ч1ахъаги нилъер Каспий!

**Къимат лъеялъул т1амач**

| | |
|---|---|
| Х1алт1ул номер | |
| 1 | |
| 2 | |
| **Х1асил** | |
| **Къимат** | |

**geraeva84@mail.ru**

**Рокъобе х1алт1и:** ________________________________